**(1) Isu sevatadzi tingaite sei kuti tive vakachena?**

*Mabasa 2:38*

Kuburikidza chete naJesu uko kungaite bedzi kuti tive pedyo naMwari uye kuti tiitwe vatsvene, asi tinouya kuna Jesu sei? Vazhinji vari kubvunza mubvunzo mumwechete uyu wakabvunzwa nemhomho yaivapo paZuva rePentekosta, ava vakati vanzwa kutsiurwa pamusoro pechitema vakadaidzira vakati, "Varume hama tichaiteiko?" Shoko rekutanga raPetro mukuvapindura nderekuti "Tendevukai." Nguva shoma yakatevera pane chimwe chiitiko zve chakafanana naichochi, anoti "Tendevukai , mudzoke kuti zvivi zvenyu zvidzimwe." Mabasa 3:19.

Kutendeuka zvinoreva kusuwa pamusoro pechitema uye kuchifuratira. Hatigoni kusiyana nechitema kusvikira taona huipi hwacho: Kusvikira tachifuratira nemoyo wose hazvigoni kuti kuve neshanduko inoreva chinhu muupenyu hwedu.

Vazhinji vedu havanzwisisi zvinonyatsorehwa nekutendeuka kwechokwadi. Vazhinji vanonzwa vachisuwa kuti vaita chitema uye vanoratidza kushanduka nechekunze nekuti vanotya kuti zvakaipa zvavakaita zvinovaunzira kurangwa kana kutambura. Asi uku hakusiri iko kutendeuka kunodzidziswa neBhaibheri. Vanochema nemhaka yekutya kuzotambura panzvimbo yekuchema kutadza kwavanenge vaita. Izvi ndizvo zvakaitika kuna Esau paakaona kuti arasikirwa neudangwe hwake nokusingaperi.

Barami,paakaona mutumwa akamira panzira yake akabata munondo, akabvuma kuti akanga akanganisa kuti arege kufa; asi pakanga pasina kutendeuka chaiko kubva pachitema chake,pakanga pasina kushanduka kwemwoyo, uye pakanga pasina kuvenga huipi.

Judasi Iskarioti, mushure mokutengesa Muponesi wake, anodaidzirawo achiti, "Ndatadza, ndapandukira ropa risina mhosva." Mateo 27:4. Kureurura kwake kwekuti akanga atadza kwakamanikidzirwa kubva mumwoyo make wakanga waremerwa nekunyara uye nekuti aitya kurangwa kwaizounzwa nokupandukira uku. Zvaizoitika kwaari nemhaka yazvaakanga aita zvakamuzadza nekutya kukuru. Kana zvazvo ainzwa izvi, pakanga pasina mwoyo wakatsemurwa nokusuwa kwekuti akanga atengesa Mwanakomana waMwari akanga asina chaangapomerwa uye akanga atengesa Mutsvene waIsraeri.

NaFarao wo, paakatambudzika nematenda aMwari, akabvuma chitema chake kuti apunyuke kubva mukuramba achingorangwa, asi akadzokera mukusindimara kwemoyo kwekupandukira denga mumashure mekunge matenda amiswa. Vanhu vose ava vakabvuma kutadza kwavo asi havana kusuwa pamusoro pechitema chacho.

**(2) Ndiani anodzinga rima achizarura nzvimbo dzakavanzika dzemoyo?**

*Johane 1:9*

Kana mwoyo wapihwa kusimba reMweya Mutsvene, Mweya waMwari Anoubata, zvadaro,mutadzi anobva atanga kuona udzamu nekuyera kwemutemo mutsvene waMwari: iwo uri hwaro wehurumende yake kudenga nepanyika. "Chiedza, chinovhenekera munhu wese anouya panyika," chinobudisa pachena zvakavanzika zvemoyo, uye chinoratidza zvakavanzika zviri murima. Mwoyo nepfungwa zvinobva zvabvuma kutadza kwazvo. Mutadzi anova nekunzwisisa pamusoro pekunaka kwaMwari. Nokuda



kwekutadza kwake netsvina yake, anotya kumira pamberi peMunzveri wemwoyo. Anoona rudo rwaMwari, runako rweutsvene, uye rufaro rwekushaiwa chipomerwa. Anoshuva kucheneswa uye kuunzwazve pedyo neDenga.

**(3) Munamato wedu uchava wakaita sei kana tiine kusuwa kwechokwadi pamusoro pezvitema?**

*Mapisarema 51:1-4*

*Mapisarema 51:10*

Munamato uyu wakanamatwa naDavidi mumashure mechitema chake unoratidza muenzaniso wekusuwa kwechokwadi pamusoro pechitema. Akazvinzwa anyangadza zvikuru. Haana kutsvaga kufukidzira kutadza kwake uye haana kutsvaga kunzvenga kurangwa kwaizouya nemhosva yokutadza uku. Davidi akaona hukuru hwechitema chake uye masvibisiro achakanga chaita mwoyo wake; akavenga chitema chake. Haana kungonamatira kungoregererwa bedzi asi akanamatirawo mwoyo wakachena. Akashuva rufaro rweutsvene uye kudzoserwa zve pedyo naMwari. Kureurura kwakadai hakungogonekwi nesimba remunhu. Kunongouya chete kubva kuna Jesu uyu anotipa zvipo izvi.

**(4) Chii chinoitika kana tareurura?**

*Mapisarema 32:1, 2*

**(5) Matanho api anofanira kutanga kuitika kureurura kusati kwaitika?**

*Mateo 11:28-30*

Ipo pano apa ndipo panokanganiswa nevazhinji, saka vasingazokwanisi kuwana rubatsiro urwo Jesu anoda kuvapa. Vanofunga kuti vanogona kuuya chete kuna Jesu kana vambotanga varatidza kusuwa pamusoro pezvitema zvavo. Ichokwadi kuti kusuwa pamusoro pezvivi kunotanga tisati taregererwa. Chikonzero ndechekuti, mwoyo wakaputsika unorwadziwa pamusoro pezvawakaita ndiwo unogona kunzwa uchida Muponesi. Ko zvino mutadzi anofanira kutanga ambomira here kuuya kuna Jesu kusvikira atendeuka? Ko kureurura chinofanira kuva chimhingamupinyi kumutadzi here kuti atadze kuziva Muponesi wake?

Bhaibheri haridzidzisi kuti mutadzi anofanira kutanga atendeuka kuti agamuchire rukoko rwaKristu: "Vuyai, kwandiri imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakuzorodzai." Mateo 11:28.

**(6) Kusuwa pamusoro pechitema kunobva kupi?**

*Mabasa 5:31*

Kunaka kunobuda muna Jesu ndiko kunotungamirira mukusuwa kwechokwadi pamusoro pechitema. Petro akajekesa nyaya iyi kuva Israeri paakati, "Mwari wakamusimudza iye noruvoko rwake rworudyi, ave Mutungamiri noMusununguri, kuti ape vaIsraeri kutendevuka nekanganwiro yezvivi." Sekusagona kwedu kutendeuka pasina Mweya waKristu uyo unotokonya pfungwa dzedu kuti dzione patinenge takanganisa, hatigoniwo kuregererwa pasina Kristu.

Kristu ndiye Manyuko (Chitubu) ezvidiso zvese zvakanaka. Ndiye ega anokwanisa kuisa ruvengo rwechitema mumwoyo medu. Chidiso chekuwana chokwadi nekuchena kwemwoyo, uye kupepuka kwekuzviona tiine zvitadzo, kunoratidza kuti Mweya waKe uri kusunda mwoyo yedu.

**(7) Ishe anokwevera kwaari vanhu vakaita sei?**

*Johane 12:32*

Apo tinotarisa Gwaiana raMwari pamuchinjiko weKariv hari richifira zvivi zvenyika, tinotanga kunzwisisa chakavanzika cheruponeso. Kunaka kwaMwari kunotitungamirira kuti tisuwe pamusoro pezvitema. Mukufira vatadzi, Kristu akaratidza rudo rwatisingakwanisi kunzwisisa. Patinoona rudo urwu zvinopfavisa mwoyo yedu, nekutsimbidzira mupfungwa dzedu kudikanwa kwaMuponesi muupenyu hwedu.

Ichokwadi kuti vanhu vanombonyara pamusoro penzira dzavo dzechitema, uyewo dzimwe nguva vanombodzisiya kanapo vasati vaziva kuti varikudhonzwa naKristu. Asi pese apo vanoedza kushanduka,vaine chidiso chekuita zvakarurama, isimba raJesu riri kushanda muupenyu hwavo. Simba ravasiri kuziva riripo richishanda pamwoyo yavo. Pfungwa dzinomutswa, upenyu hwavo kunze hwoshanduka. Apo Kristu anovakwevera kuti vatarise kumuchinjiko, vanotarisa uyo zvivi zvavo zvakabaya,murairo unobva wauya mupfungwa dzavo. Vanobva vatanga kuona zvakaipa zviri muupenyu hwavo nezvitema zvakadzika zvemwoyo. Vanotangawo zve kunzwisisa kunaka kwaJesu zvovatuma kubvunza, "Chitema chiiko, zvachakakonzera kuzvipira kunokosha neudzamu hwakadzika zvakadai kuti tiponeswe? Ko rudo rwese urwu, kutambudzika kwese uku, kunyadziswa kwese uku kwaifanirwa kuti kuitwe here kuti tirege kuparara,asi tiwane upenyu usingaperi?"

**(8) Rukokoi runokosha urwo rwakapihwa naJesu?**

---

*Zvakazarurwa 22:17*

Isu sevatadzi tinogona kuramba rudo rwaKristu, asi tikasaramba tichakweverwa kwaAri. Kana taziva zano rake rekuda kutiponesa zvichatitungamirira pasi pemuchinjikwa uye kusuwa pamusoro pezvitema zvedu zvakakonzera kutambudzwa kwaKristu.

Pfungwa imwe tsvene yedenga iri kushanda pazvisikwa ndiyo iri kutaura kumwoyo yedu nekutipa chidiso cheizvo zvatisina. Zviro zvenyika ino hazvigoni kuzadzisa chidiso ichi. Mweya waMwari uri kutiteterera (kugombedzera) kuti titsvage izvo zvinhu zvinotipa runyararo ( rugare) nekuzorora - nyasha dzaKristu nerufaro rweutsvene. Nguva dzose Muponesi wedu ari mubasa rekukwevera pfungwa dzedu kudzibvisa kubva kumafaro asingagutsi echitema achitikwezvera kumakomborero asingaperi ayo ari edu maari. Kwatiri tose tiri kuyedza kunwa kubva kumadziva akatsemuka enyika ino, shoko redenga rinotaurwa kwatiri rinoti, “Une nyota ngaauye. Unoda ngaatore mvura yeupenyu asingatengi.”Zvakazarurwa 22:17.

Imi munoshuvira mumwoyo menyu zvinhu zviri nani kupfuura zvatinopihwa nenyika ino,munoziva chishuwo ichi seizwi raMwari riri kukudaidzai. Mukumbirei akupei kusuwa pamusoro pezvivi zvenyu. Mukumbirei akuratidzei Jesu murudo rwake rusingaperi uye muutsvene hwaKe hwakaperera.

**(9) Kana isu sevatadzi taona chimiro chaKristu tichanzwisisei?**

---

*Isaya 64:6*

Muupenyu hwaMuponesi kurarama kwemutemo waMwari kwakaratidzwa zvakaperera kuti kunongoreva rudo kuna Mwari nerudo kumunhu. Tsiye nyoro uye rudo rusina kuzvifunga ndozvaiva pakati pekurarama kwaKristu. Apo chiedza chinobva kuna Muponesi chinotipa kunzwisisa tinotanga kuona huipi hwemwoyo yedu.

Tinogona kuzvikudza sezvakaita Nikodimo. Tinogona kufunga kuti hupenyu hwedu hwakaswatuka uye mararamiro edu ndiwo chaiwo. Tinogona kufunga kuti hapana chikonzero chekuninipisa mwoyo yedu pamberi paMwari sevamwe vatadzi. Asi kana chiedza chinobva kuna Kristu chapinda mumwoyo yedu tinoona kusachena kwatinako. Tinoona zvikonzero zvechindini (zvebutiramwoyo / zvenakireni ) zvinotisunda kuti tiite zvatinoita, uye kupandukira Mwari uko kwakasvibisa zvese zvatinoita muupenyu hwedu. Kana tasvika apa ndipo pazvinojeka kwatiri kuti iropa raKristu rinogona kutichenesa kubva kutsvina yechitema uye kugadzirazve mwoyo yedu kuti ifanane newaKe.

Zvinongotora museve mumwe chete wembiri yaMwari, chadzera (kun’aima) chimwe chekuperera kwekuchena ( hutsvene hwekushaiwa chipomerwa ) kwa Jesu, kuti kupinde mumwoyo yedu ipapo tichazoona huipi hwedu hwese huchinyatsobuda pachena. Panobuda kushata nekuminama kwezvimiro zvedu sevanhu. Zvinobudisawo pachena zvinhu zvisiri zvitsvene zvatinoshuva, kusavimbika kwemwoyo yedu uye mashoko akaora atinotaura. Pfungwa dzedu dzinomutswa dzotambudzwa pasi pesimba reMweya Mutsvene unotsvangadzira zvatiri. Izvi zvinotibuditsira pachena kuti hatigoni kuzviraramira tega tisina Kristu. Zvobva zvavawo pachena kuti ropa raKristu ndiro chete rinogona kutichenesa kubva kutsvina yechitema nekugadzirazve mwoyo yedu kuti ifanane newaKe.

**(10) Chii chakaitika kuna Danieri paakaona mbiri yedenga?**

---

*Danieri 10:8*

Apo muporofita Danieri akaona mbiri (kupenya) yemutumwa akanga atumwa kwaari, akaona kushaya simba nekusakwana kwaaiva nako. Akatsanangura chiitiko ichi muvhesi riri pamusoro. Vanhu vanenge vabatwa zvakadai vanovenga chindini chavo uye rudo rwekuzvida. Kuburikidza nekururama kwaJesu vanozotsvaga kuchena kwemwoyo uko kunoratidza mutemo waMwari nechimiro chaJesu.

**(11) Chii chakaitika kuna Pauro paakaona kuperera kwaKristu uye paakaziva zvinonyatsorehwa nemararamiro chaiwo emumurairo mutsvene waMwari?**

---

*VaRoma 7:9*

Pauro anoti, “pakururama kunorebwa nomurairo ndakanga ndisina chandingapomerwa,” zvichireva kuti pakuteerera murairo akanga asina “chaaingapomerwa” asi rupandi rwemurairo mutsvene parwakaongororwa, akazviona ari mutadzi. VaFiripi 3:6. Dai aitongwa nekuti aiteedzera mutemo here sekuona kwevanhu uye mashandisiro aaiuita muupenyu hwake, aiva mutsvene. Asi paakazonzwisisa mararamirwo emutemo waMwari uye achizviona semaonerwo aanoitwa naMwari, akakotamira pasi mukunyara nokubvuma huipi hwake. Paakaona hutsvene hwemurairo akaona kushata kwechitema, akazivawo kusaperera kwechimiro chake.

*Ndinonzwisisa kuti kutendeuka kusuwa kwechokwadi pamusoro pechitema kwete kungotya kurangwa kunounzwa nechitema chacho.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza**

*Ndinotenda Jesu nechipo chekutendeuka chaaisa mumwoyo mangu, uye Ndaita sarudzo yekugamuchira kutendeuka uku.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza**

(C) Merlin Beerman - www.revelationpublications.com
Illustrations (C) Goodsalt - www.goodsalt.com
These materials may be photocopied and shared but not altered or sold.

Printed in USA by Light Bearer’s Ministry - www.lbm.org

# Matsiko Kuna Kristu



## Kubvuma Kutadza Kwedu - 1

3 - 16